



RANGKUMAN BAHASA SUNDA

KELAS 5 SEMESTER 1

Pangajaran 1

A. Jenis Kalimah

1. **Kalimah Aktif** nyaéta kalimah anu **jejerna** (*subjeknya*) jadi palaku.

Conto : Dodi keur maca buku.

j/s **c/p** **o**

- Dodi = jejer (subjek) anu ngalakukeun kagiatan
- keur maca = caritaan (predikat)
- buku = objek

2. **Kalimah pasif** nyaéta kalimah anu jejerna jadi pangrandap (ngarandapan pagawéan anu dilakukeun ku obyék).

Conto : Buku keur dibaca ku Dodi

o **c/p** **j/s**

❖ Ciri – ciri kalimah pasif

- Jejer (S) jadi obyék (O)
- Pola kalimahna OCJ
- Kecap nu **caritaannana** ditambah **rarangkén di-**
- Kecap nu **jejerna** ditambah kecap **ku**

3. **Kalimah paréntah** nyaéta kalimah anu eusina nitah atawa ngalarang migawé hiji pagawéan atawa hiji hal.

- Dina kalimah paréntah biasana sok ditungtungan ku tanda baca panyeluk (!).
- Conto : Cing Rosi, pang nyokotkeun buku ka dieu!

➤ Kecap paréntah diantarana :

a. **Pok**: Jang negeskeun kalimah, nitah ngedalkeun eusi haté atawa nu dirasakeun.

Conto : **Pok geura omongkeun atuh, kahayang hidep téh naon!**

b. **Pék**: Jang negeuskeun kalimah anu ngandung harti mērē atawa nitah.

Conto : **Pék, bawa kadinya buahna téh!**

- c. **Prak** : Keur negeuskeun kalimah anu ngajak hiji maksud atawa nitah
Ngalakukeun hiji hal atawa ngamimitian ngalakukeun pagawéan.

Conto: **Prak geura gawéan atuh tong dihulengan baé!**

- d. **Cing**:Keur negeuskeun kalimah paréntah.

Conto :**Cing, pang nutupkeun pantona!**

- e. **Jung** : Keur negaskeun kalimah ngabulkeun anu dipikahayang atawa kalimah nitah indit.

Conto: **Jung kaditu geura indit bisi kahujanan!**

- f. **Tong** : Keur negeuskeun kalimah larangan.

Conto:**Tong sok ulin di jalan loba kendaraan!**

B. Harti Kecap

1. Badeur = bangor
2. Disetrap = dihukum di hareupeun kelas
3. Kateuingan = kaleuleuwihan
4. Diculikaan = dijailan
5. Digelendut = dipapatahan
6. Guyur ka mana – mana = ibur kabéh batur nyaho
7. Dirarancang = direncanakeun
8. Ngagayuh = deukeut ka waktu
9. Beubeutian = rupa – rupa beuti
10. Pagaliwota = pabaliut
11. Dicagap = dipigawé
12. Galécok = ngobrol bari gumbira
13. Rajeg = narangtung
14. Ciri has = kabiasaan
15. Padagang kaki lima = padagang anu dadasar di sisi jalan
16. Ngadon = ngahaja datang ka hiji tempat
17. Ngetém = ngadagoan muatan

18. Utey = loba pisan
19. Patalimarga = lalu lintas
20. Kios = jongko, wangunan paranti dagang di pasar
21. Loténg = bagian tempat atawa kamar anu aya di luhur
22. Purah = tukang / anu sok ditutah titah
23. Cunduk = tepi
24. Miang = indit
25. Muatan = babawaan
26. Ngagolér = ngagéléhé
27. Sageretekan = sakalieun harita
28. Ecéran = kéténgan
29. Ngarumas = ngarasa teu biasa
30. Tabuh = jam / pukul

Pangajaran 2

1. **Kalimah pananya** nyaéta kalimah pikeun nanyakeun hiji hal atawa hiji jalma, sok ditungtungan ku tanda tanya (?).

Conto : **Saha anu labuh di dapur téh ?**

❖ **Conto kecap pananya :**

- Saha : keur nanyakeun ngaran jalma.
- Iraha : keur nanyakeun waktu.
- Mana : keur nanyakeun hal atawa barang.
- Di mana : keur nanyakeun tempat
- Kamana : keur nanyakeun tujuan.
- Ti mana : keur nanyakeun tempat anu ditinggalkeun (tempat yang pernah di kunjungi atau tinggal di sana sebelumnya).
- Kunaon : keur nanyakeun sabab musabab (sebab akibat)

Naon : pikeun nanyakeun hal, barang jsb.

Sabaraha : pikeun nanyakeun jumlah atawa lobana.

Kumaha : keur nanyakeun kaayaan atawa cara – cara

2. Kalimah transitif nyaéta kalimah anu caritaanana (predikatnya) ngabutuhkeun obyék.

Conto : Pa Usman meuli motor.


j/s c/p o

3. Kalimah intransitif nyaéta kalimah anu caritaanana (predikatna) teu ngabutuhkeun obyék.

Conto : Tati keur ceurik.

j/s c/p

4. Conto tukang dagang



tukang baso



tukang saté



tukang cingcau



Tukang putu



tukang tahu gejrot



tukang cēndol

5. Ngawawancara.

- **Wawancara** nyaéta tanya jawab antara nu ngawawancara jeung narasumber .
- **Tujuan wawancara** nyaéta ngumpulkeun berita, data atawa fakta dilapangan.
- **Narasumber** nyaéta jalma anu méré informasi ngeunaan masalah anu ditanyakeun kunu ngawawancara.
- **Nu ngawawancara** nyaéta jalma anu néangan informasi, berita atawa fakta ti narasumber.
- Saméméh ngawawancara urang kudu nyiapkeun heula sababaraha pertanyaan supaya jelas naon anu rék ditaroskeunana.

✚ Contona :

- Saha nami / saha jenengan?
- Ti mana asal / ti mana kawit?
- Saha anu nyieunna?
- Naon baé bahan – bahanna?
- Sabaraha hargana?
- Js/ dll

6. Harti kecap

1. Bubur hayam = bubur tina béas anu dicampuran ku daging
2. Nasgor wacahan tina nasi goréng basa sundana goréng sangu
3. Mangkal = cicing di hiji tempat ngadagoan anu meuli
4. Junun = saregep, rajin, getol (diajar atawa digawé)
5. Pacabakanana = pagawéanana
6. Narasumber = nyaéta jalma anu méré informasi ngeunaan masalah anu ditanyakeun ku nu ngawawancara.
7. Wartawan (jurnalis) = anu néangan jeung nuliskeun berita surat kabar, majalah, televisi, jsb
8. Sepi = tiiseun
9. Jinek = puguh
10. Nambangan = narik muatan
11. Pelesir = piknik, darmawisata, ngadon sukan – sukan
12. Kikipingna = gilindingna
13. Andong = delman



Sumber : Sinar media
Gambar 5.2 Ngaran delman bersama keluarga di pedesaan

14. Ngadat = ngambek

15. Taun baru = taun anyar

16. Dipapaésan = dihias



Odong – odong = tutumpakan saperti béca anu dihias

18. Diékspor = dikirim ka luar negri

19. Mancanagara = luar negri

20. Warisan = titinggal kolot

21. Luluhur = karuhun

22. Tukang nyieun barang karajinan = pangrajin

23. Kecap anu nuduhkeun barang disebut kecap barang

24. Patugas sēnsus nyaéta anu tugasna ngumpulkeun data

25. Anu sok disebut burayut téh nyaéta beuteung

26. Urang téh kudu daék nulung kanu butuh nalang kanu susah




Sugu gunana keur ngalemeskeun kayu

28. Parapatani keur temu wicara di bale désa

29. Kerja bakti téh tujuanana keur ngajaga kabersihan lingkungan

30. Rambut aki mah geus pinuh ku huis



32. Ngumbah awak disebut mandi

33. Ngumbah baju disebut nyeuseuh

34. Ngumbah beungeut disebut sibeungeut

35. Ngumbah buuk disebut diangir

36. Ngumbah leungeun disebut sibanyo

37. Ngumbah piring disebut kukumbah

38. Ngumbah béas disebut ngeusikan

39. Meresihan ubin disebut ngepél


40. Ngalemeskeun baju disebut ngistrika

Pangajaran 3

❖ Conto kaulinan barudak




maën yoyo



maën kalēci



jajangkungan



bēklēn




congkak




oray - orayan



bēbētēngan



gatrik



sondah

❖ Harti kecap

1. Upluk – aplak = lega
2. Tumaninah = ngarasa senang, lalusa
3. Sempal guyon = gogonjakan, heureuy
4. Rungsing = sakeudeung – keudeung ceurik lantaran aya kanyeri
5. Sungkan = wegah, horéam
6. Limbah = runtah sésa pabrik atawa rumah tangga

7.



Wuluku = parabot paranti ngagarap sawah

8. Ditolik – tilik = ditingali
9. Jempling = tiiseun
10. Surupna = tilemna
11. Rungsing = rudet
12. Paturay = papisah
13. Suwung = kosong, teu aya
14. Parangina marahmay = paromanna katingali gumbira
15. Gé-ér = singgetan tina gedé rasa
16. Uleman lemesna tina ondangan
17. Tepang deui = panggih deui, papendak deui
18. Leutik burih = loba kasieun/ sieunan

❖ Surat

Bagéan-bagéan surat :

1. Titimangsa Surat

Di mana jeung iraha éta surat dijieuna.

Conto :

Bandung, 5 Oktober 2020

2. Alamat Surat

Ka saha éta surat ditujukeun.

Conto :

Kahatur
Wandi
Di Jakarta

Kapayuneun
Ibu sareng Bapa
di bumi

3. Salam Bubuka

Conto :

Sarenghormat,
Salam baktos,

Salam bubuka

Sareng hormat, digunakeun keur nyuratan ka babaturan atawa ka saluhureun.

Salam baktos, digunakeun jang ka kolot (orang tua).

4. Bubuka Surat

Bubuka surat téh mangrupa pamuka catur dina surat (kalimat pembuka).

Conto :

Dani kumaha damang? Nuhun upami damang mah, éta anu dipiharep ku sim abdi. Abdi ogé dina waktos ayeuna mah nuju séhat walafiat, teu kirang sawios – wios.

5. Eusi Surat

Eusi surat téh nyaéta bagian surat anu nétélakeun maksud jeung tujuan ngirim éta surat.

Conto :

Numawi abdi nyerat téh badé ngawartosan, réhna minggu payun abdi sakulawargi badé ka Purwakarta. Upami teu aya pamengan, abdi badé ka bumi Aska. Abdi téh hoyong dianteur ulin ka Jatiluhur.

6. Panutup Surat

Panutup surat nyaéta bagéan surat anu nétélakeun, yén surat téh geus réngsé (selesai). Jadi, mangrupa pungkasan tina éta surat.

Conto :

Sakieu baé serat ti abdi. Mugi-mugi urang tiasa tepang deui minggu payun. Hatur nuhun.

7. Salam Panutup

Salam panutup mangrupa salam pamungkas (terakhir)

Hormat abdi,
Wassalam,
Baktos pun,

8. Tanda tangan jeung ngaran nu ngirim surat

Tanda tangan jeung ngaran nu ngirim surat téh kawilang perluna, mangrupa tanda bukti anu ngirim éta surat.

Contos urat:

❖ **Surat keur ka Babaturan.**

Bandung, 5 Oktober 2020

Kahatur
Wandi
Di Jakarta

Sareng hormat,

Wandi kumaha damang ? Nuhun upami damang mah. Abdi ogé dina danget ieu mah teu kirang sawios – wios.

Nu mawi abdi nyeratan téh badé ngawartosan, réhna minggu payun abdi sakulawargi badé ka Jakarta. Upami teu aya pamengan, abdi badé ka bumi Wandu. Abdi téh hoyong dianteur ameng ka Dupan.

Sakieu baé serat ti abdi. Mugi – mugi urang tiasa tepang minggu payun. Hatur nuhun.

Hormat abdi,

Rehan

❖ **Surat keur ka Saluhureun**

Bandung, 3 Agustus 2020

Kahatur
Téh Santi
Di Tasikmalaya

Sareng hormat,

Téh Santi kumaha damang ? Nuhun upami damang mah, éta anu diteda ku abdi siang kalayan wengi. Abdi sareng sadaya kulawargi di Bandung ogé dina danget ieu mah nuju séhat walafiat, teu kirang sawios – wios.

Nu mawi abdi nyeratan téh badé ngawartosan, réhna dinten Saptu abdi sakulawargi badé ka Tasikmalaya. Maksudna badé ngadugikeun uleman ti Mang Wawan. Kumargi Dé Soni anu bungsu badé disepitan.

Upami tétéh badé ngiring ka Tasikmalaya, dinten Jumaah enjing-enjing tos kedah aya di Bandung. Margi badé mios ka Tasikmalayana téh Jumaah énjing – enjing. Diantos kasumpingannana, abdi ogé sono deui ka Tétéh, asa tos lami teu patepang.

Sakieu baé serat ti abdi, ulah teu sumpingnya téh !

Hatur nuhun.

Baktos abdi,

Ratna

Pangajaran 4

❖ Istilah geografi

1. Empang = balong / kulah gedē (kolam)
2. Gunung = taneuh anu munjukul luhur pisan leuwih ti 600 mētēr
3. Jurang = bagian taneuh anu legokna jero pisansarta sisi – sisina lungkawing
4. Kebon = taneuh darat anu dipelakan rupa – rupa pepelakan saperti bungbuahan, palawija, jeung sajabana
5. Laut = bagian dunya anu dieusi ku cai asin,sarta anu misahkeun daratan jeung daratan
6. Leuweung = tanah lega anu pinuh ku kakayon (tatangkalan) sarta teu dipakē matuh ku jelema.
7. Leuwi = bagian walungan anu rada jero.
8. Pasir = gunung leutik tur teu sabaraha luhur.
9. Sawah = taneuh anu dipelakan parē dikembeung ku cai.
10. Susukan = solokan jalan cai meunang nyieun jelema.
11. Walungan = wahangan / solokan gedē

❖ Rarangken barung pang – na

- Conto: -. gagah + pang - - na →
- panggagahna
 - . rasa + pang - - na → pangrasana
 - . pinter + pang - - na → pangpinterna

❖ Harti kecap

1. Balung = tulang
2. Marebutkeun balung tanpa eusi (paribasa) hartina marebutkeun perkara anu taya hartina
3. Ranggoas = ramo suku atawa leungeunna paranjang
4. Tegep = hadé rupa (ganteng, cantik)
5. Kabuyutan = titinggal karuhun
6. Cumantaka = kumawani / wanian

7. Teu tata pasini = heunteu antaparah, heunteu loba carita
8. Piyik = anak japati
9. Kirik = anak anjing
10. Disupata = disumpah
11. Culika = resep nyilakakeun batur
12. Carita rékaan = carita fiksi, carita anu heunteu bener kana kanyataan
13. Wawalesna = pamales ti Gusti minangka hukumanana
14. Asa aing = ngarasa leuwih hébat ti batur
15. Rundayan = turunan
16. Kecap rundayan = kecap anu geus dirarangkénan
17. Badarat = lumampah teu maké tutumpakan, leumpang
18. Pamadegan = tangtungan
19. Kariaan = hajatan
20. Ngabojég = ngabodor

❖ **Ngaran sabangsa manuk atawa hayam**

1. Manuk nu jadi lambang nagara urang = manuk Garuda
2. Manuk anu pamatukna bengkung (béngkok) = manuk ékék
3. Manuk anu sukuna jangkung = bango
4. Manuk ti Irian = manuk cendrawasih
5. Manuk nu sok disada ti peuting = manuk bueuk
6. Hayam anu sok kongkorongok = hayam jago
7. Hayam nu sok ngendog = hayam bikang
8. Hayam anu buluna hideung = hayam camani
9. Hayam leuweung = cangéhgar
10. Hayam anu buluna carentik = hayam rintit